

WE ARE YOUR DOL



Department
of Labor

AVANTAJ NAN KAD ÈD POU AJISTEMAN KOMÈSYAL

Pwogram Asistans pou Ajisteman Komèsyal la (TAA) bay avantaj ak sipò pou travayè yo ki vin pa p travay, oswa ki gen menas pou pèdi travay, akòz enpak komès entènasyonal. Pwogram sa a ofri travayè ki afekte yon fason negatif yo opòtinite pou yo jwenn konpetans, diplòm, resous, ak sipò ki nesèsè pou yo jwenn travay.

KIJAN TAA KA ITIL OU?

Frè eskolè ak depans ki gen rapò avèk fòmasyon travay pou jwenn konpetans y ap chèche yo. Sa ki gen ladan edikasyon siperyè, tankou pwogram diplòm ak sètifika, oswa edikasyon pou ratrapaj, tankou Anglè kòm yon dezyèm Lang (ESL). TAA ofri patisipan ki elijib yo tou pèman pou sipò revni, alokasyon pou reloje ak chèche travay, ak yon sipleman salè si ou gen laj 50 ane oswa pi gran.

OPSYON FÒMASYON

Diferan kalite fòmasyon pou konpetans ki an demann disponib, tankou:

- Fòmasyon nan klas/anliy (aplentan oswa atan pasyèl)
- Pwogram fòmasyon nan travay / pwogram aprantisaj nan travay
- Fòmasyon pèsonealize ki fèt pou reponn ak bezwen yon biznis presi oswa yon gwoup biznis

Depi ou fin etabli dwa endividyèl ou nan TAA, yo dwe apwouve pwogram fòmasyon w. Gen sis kritè pwogram fòmasyon w lan dwe respekte. Responsab Dosye TAA w la pral travay avè w pou reponn avèk delè prensipal yo epi kreye yon Plan Travay Endividyèl (IEP) pou ede w reyisi.

ALOKASYON POU REYAJISTEMAN KOMÈSYAL (TRA)

Pandan ou nan fòmasyon aplentan, li posib pou w resevwa TRA (menm jan avèk pèman pou asirans chomaj) pou jiska 130 semèn enstriksyon.* Pou w elijib pou TRA, ou dwe:

- Gen yon pwogram fòmasyon Biwo Santral TAA nan Eta New York (NYS) apwouve
- 'enskri' nan yon pwogram fòmasyon nan delè 26 semèn apre yo fin revoke w, oswa apre konpayi w lan fin sètifye nan Depatman Travay Etazini pou avantaj TAA, kèlkeswa sa ki vini annaprè; (Pou rezon TAA, yo konsidere w 'enskri' lè ou gen yon lèt akseptasyon ki soti nan men founisè ki bay fòmasyon an, pwogram fòmasyon w lan te apwouve pa Biwo Santral NYS TAA, e pwogram ou an ap kòmanse nan lespas 30 jou)

*Yon semèn enstriksyon se nenpòt semèn kalandriye kote ou patisipe nan fòmasyon pou youn oswa plizyè jou. Daprè règlemantasyon federal TAA yo, fòmasyon w lan pa ka depase 130 semèn enstriksyon.

ALOKASYON POU CHÈCHE TRAVAY

Li posib pou TAA kouvri depans pou chèche travay andeyò zòn nan. Yon alokasyon pou chèche travay ka ranbouse 90% nan depans ki akseptab, tankou transpò, manje ak lojman, jiska yon maksimòm de \$1 250.

ALOKASYON DEMENAJMAN POU TRAVAY

Li posib pou TAA kouvri kèk nan depans pou demenaje nan yon nouvo zòn pou yon nouvo djòb. Sa a ka gen ladan 90% nan depans admisib ki fèt pou reloje w, fanmi w, ak tout sa ou gen lakay ou. Si ou jwenn yon travay ki bon ou ou andeyò zòn travay abityèl ou, li posib pou w resevwa yon montan lajan anplis, jiska yon maksimòm \$1,250.

Si w entèrese pou w amelyore konpetans ou oubyen aprann plis konsènan avantaj TAA yo, kontakte **518-485-1829** oswa voye yon imel nan **TAA.WDTD@labor.ny.gov**